



AKADEMI KREYÒL AYISYEN

(AKA)



Republik Ayiti

Diskou Prezidan Akademi Kreyòl Ayisyen nan okazyon

Selebrasyon Jounen Entènasyonal lang ak kilti kreyòl

28 oktòb 2021, sou Zoom

Nan non Konsèy Administrasyon Akademi Kreyòl Ayisyen, nan non tout Akademisyen, nan non tout Manm Konsèy konsilitatif la, nan non Sekretarya Egzekitif la, nan non tout kreyolis ak tout kalite pèsonalite k ap fè pwomosyon lang kreyòl ayisyen an toupatou sou latè, mwen swete nou byenvini nan kad selebrasyon Jounen Entènasyonal Lang ak Kilti pou mwa oktòb 2021 an.

Zanmi mwen yo, pèmèt mwen raple nou, soti 1983 rive ane 2021 an, sa fè déjà 38 lane depi divès kominote kreyolofòn toupatou sou latè ap selebre Jounen Entènasyonal lang ak kilti kreyòl. Desizyon sa te vini nan objektif pou pèmèt tout moun sou latè ki itilize lang sila jwenn plas yo epi ka pale lang yo libelibè tout kote san fòskote.

Jodi a, si nou gade byen kote nou soti ak kote nou ye, n ap remake gen gwo jefò ki fèt pou pèmèt lang kreyòl la layite kò li. Yon lòt bò, nou dwe rekonèt, ak objektivite, gen kèk zòn retisans toujou. Nan ka pa nou an Ayiti, nou fè fas ak anpil pwoblèm nan anpil espas. Se pou sa, pou mwa oktòb 2021 an, Akademi Kreyòl Ayisyen pote tèm: «Lang Kreyòl tout kote san fòskote.» Tèm sa dwe reflete sitiyasyon nou kòm pèp ki fè fas ak yon realite sosyo lengwistik latwoublay alòs n ap viv kòm pi gwo kominote kreyolofòn nan monn lan.

Lè Akademi Kreyòl Ayisyen pote tèm «Lang kreyòl tout kote san fòskote» a se pa yon souwè, se plis pase sa. Se pito yon rapèl, yon fwote memwa, yon mesaj ki dwe atire atansyon tout moun - tout sektè kit se lekòl, legliz, inivèsite, sant rechèch, konsila ak anbasad Ayiti ki tabli nan divès kwen sou latè pou yo enplike yo nan fè pwomosyon lang kreyòl ayisyen an epi kore devlòpman li. Nan divès Anbasad Ayiti nan lòt peyi, fòk Anbasadè peyi Ayiti ankouraje etranje pale lang lan menm jan Ayisyen nan dyaspora ap fè gwo jefò pou aprann ptit yo pale ak ekri kreyòl, se mete sant aprantisaj pou ede Ayisyen tankou etranje konnen lang kreyòl ayisyen an pi plis. Nan sans sa, a AKA dwe ankouraje travay Sant N a rive, Sant Toussaint nan Monreal; Eritaj kilti kreyòl, Espas kreyòl Etazini ak tout lòt sa nou pa site ki nan Amerik latin nan k ap travay kinalaganach pou kenbe banyè lang kreyòl la byen wo. Nou felisite yo epi pwofite remèye yo pou bèl webinè sa a AKA te realize ak yo nan Mwa oktòb la kote yo pataje avèk nou espèryans yo ap fè pou kenbe flanbo lang ak kliti kreyòl la vivan nan peyi kote yo ap viv la..

Lang kreyòl la se zouti rezistans pèp ayisyen an, se mwayen, se zam pèp la itilize pou defann li, esprime espwa li, enkyetid li, desespyon li, kè kontan ak tout bon moman li.

Nou dwe toujou goumen pou lang sila layite kò li toupatou san baboukèt, san fòskote. Se konsa, AKA ap remèye divès pèsonalite ak enstitisyon ki te pote kole pou realizasyon selebrasyon Mwa lang ak kilti kreyòl pou ane 2021 an ki te fèt sitou sou entènèt. Kozri, echanj ak konferans montre kijan lang kreyòl ayisyen an ap pran teren chak jou pi plis, nan tout domèn, nan tout sektè.

Pwofesè Kominikasyon nan Fakilte Syans Imèn ak etidyan ki redije travay memwa yo nan lang kreyòl montre se mete kreyòl nan sitiyasyon lasyans pou li louvri zèl li, Lang pa gen baryè, Defen akademisyen Claude Pierre ta di Lang pa gen zo. Kreyòl menm jan ak tout lang ka pale lasyans. Wèbinè ak Dwayen Fakilte Lengwistik la retrase tout etap lang nan franchi nan domèn lasyans ak tout opòtinite ki louvri pou li ale pi lwen nan tradiksyon, nan didaktik, nan syans lengwistik... Echanj AKA avèk FLA nan okazyon an pote gwo pwojè pou de enstitisyon yo ale pi lwen nan travay akademik yo sou lang kreyòl. Espèryans ansèyman nan lang kreyòl, se te yon wèbinè rich kote direktè lekòl rapòte siksè ansèyman ak aprantisaj nan lekòl yo ap dirije e ki chwazi lang kreyòl kòm lang anseyman. Elèv sa yo pase nan lis elèv ki byen prepare kote yo pase apre klas primè yo. Menm jan tou Echanj sou eritaj Akademisyen Mirville kite nan lang kreyòl la, se te okazyon pou pou louvri chapit Literati kreyòl la ak patikilarite ekriti pwetik nan lang kreyòl ki marande ak kilti kreyòl. Se te bon okazyon pou dekouvri nan zèv kreyòl yo sa ki fè orijinalite yo.

Konsa, AKA pwofite remèye tout patisipan yo nan diferan webinè AKA te realize nan mwa oktòb la. AKA voye yon remèsiman espesyal pou tout enstitisyon ak patnè li ki pote kole nan mwa lang ak kilti kreyòl 2021 an. Nou dwe site Ministè kilti ak kominikasyon,

Jounal Bon Nouvèl, Sosyete Koukouy, Fakilte Lengwistik Aplike, Inivèsite Leta Ayiti san nou pa blyie enstitisyon ak òganizasyon ki nan peyi etranje yo, yon mo espesyal pou KEPKAA, nan Monreal ki inisyé mwa kreyòl la, Ane sa fè yo 20 èm edisyon selebrasyon mwa Kreyòl.

Mezanmi, peyi a pa pèmèt AKA realize seremoni ofisyèl tradisyonèl li, men sa pa wete yon myèt nan angoumen kreyolis ayisyen ki vle konsakre jou 28 oktòb la pou yo selebre lang yo ak kilti yo toupatou kote yo ye. Se pou sa Akademis Kreyòl Ayisyen salye Ayisyen toupatou, li di yo bòn fèt lang ak kilti kreyòl pandan li envite yo tout pou pote kole ansanm pou lang kreyòl la rive tout kote san fòskote. Se yon kondisyon esansyèl ki pou pèmèt demen miyò pou Ayisyen nan inite, nan konpreyansyon yonn ak lòt, nan aprann tout bon vre san jako repèt nan systèm edikasyon an, nan pwogrè syantifik ayisen kòm pèp.

AKA p ap blyie nan okazyon 28 oktòb sa salye tout pèp kreyolofòn sou late, nan Karayib la ak nan Oseyan Endyen ak tout Inivèsite ak Adminstrasyon peyi etranje ki ap pouse etid sou lang kreyòl oswa ki bay lang kreyòl yon nivo ofisyèl ou administratif.

Ayisen, lidè kreyolofoni nan lemonn, Akademi Kreyòl Ayisyen asire nou li ap travay di pou kore devlopman lang kreyòl la pou li toujou jwe wòl lidè li. Akademisyen yo mete ak konkou konseye konsilitatif yo ak sipò tout patnè AKA pou yo travay pou yo founi peyi a zouti referans li bezwen pou lang kreyòl la sèvi nan tout domèn san fòskote. AKA ap travay pou pote liy politik lengwistik peyi a nan Leta, jan Konstitisyon an mande li sa.

Ayisen toupatou, AKA di nou Bòn fèt lang ak kilti kreyòl!

Viv Lang kreyòl ! Viv Ayiti!

Mèsi tout moun!